

## **Rezime akò ki konkli ant aktè nan dosye MICI-BID-HA-2017-0114 : “ Pwogram Enfrastrikti Pwodiktif ” (HA-L1055 ak lòt ankò)**

### **Entwodiksyon**

Depi 14 jen 2017, Mekanis Endepandan pou Konsiltasyon ak Envestigasyon (MICI) te fasilite yon dyalòg ant *Kolektif Peyizan Viktim Tè Chabè (Kolektif la* oswa Moun ki pote plent yo) — ki jwenn sipò twa (3) òganizasyon sosyete sivil ki se *Accountability Counsel, Action Aid Haiti* epi AREDE — Bank Entèameriken pou Devlopman (BID) epi Inite Teknik Ekzekisyon ki nan Ministè Ekonomi ak Finans (UTE). Sou baz yon premye pwopozisyon MICI te fè, aktè yo (Kolektif, BID ak UTE) te mete yo dakò sou yon ajanda epi yon lis sijè ki dwe trete nan kad pwosesis dyalòg la. Pami sijè sa yo genyen : aspè anviwonmantal ak sosyal epi tou sa ki gen rapò ak konsiltasyon ki te deja fèt la ; egzistans yon mekanis pou pote plent nan pwojè a ; prezantasyon tè referans evalyasyon ki ap fèt sou ekzekisyon Plan Aksyon pou Relokalizasyon (PAR) moun ki te akfekte akòz pwojè Pak Endistriyèl Karakòl la (PIC), founi je gade ankò sou konpansasyon yo te resevwa a, epi sitou, sou mekanis pou retabli mwayen sibzistans moun ki te afekte akòz Pak Endistriyèl Karakòl la.

Après yon lane edmi diskisyon kote te gen 6 dyalòg MICI te fasilite reyalizasyon yo, aktè ki konsène yo rejwi paske yo jwenn yon « Akò pou fòmilyasyon epi ekzekisyon de mezi koreksyon pou retabli mwayen sibzistans moun ki te afekte akòz Pak Endistriyèl Karakòl la epi adopte de mezi pou rann enfòmasyon sou kesyon anviwonman yo disponib ».

Dokiman sa a rezime akò ofisyèl ki siyen ant Aktè konsène yo, li pa jwe wòl ni li pa reprezante dokiman ofisyèl akò a.

### **Akò**

Aktè yo jwenn de akò sou 2 sijè prensipal : Mezi koreksyon pou retabli mwayen sibzistans ak mete enfòmasyon sou kesyon anviwonmantal ki gen rapò ak Pak Endistriyèl Karakòl la.

#### **Mezi koreksyon pou retabli mwayen sibzistans yo**

Aktè yo tonbe dakò pou aplike plizyè mezi. Se yon konbinezon mezi ki gen ladan yo aksè pou jwenn travay nan Pak Endistriyèl Karakòl (PIC), aksè pou gen tè, mezi pou amelyore pwodiksyon agrikòl, apwi epi fòmasyon pou jere ti biznis, fòmasyon pwofesyonèl, sipò pou edikasyon epi fasilite aksè pou jwenn mikwokredi. Epi kelke detay :

- 1.1 Travay nan Pak Endistriyèl aprè yon fòmasyon teknik an preparasyon.** Yon manm nan chak fanmi ki te afekte (anviwon 400 moun) ap elijib pou yon travay nan Pak Endistriyèl Karakòl la. Menm si majorite nan travay yo se domenn kouti, ap gen anviwon 30 pòs nan de domenn espesyalize. Bank lan ak UTE nan tèt kole ak konpayi ki nan Pak la ap idantifye epi priyorize lòt opòtinite nan de metye teknik pou manm Kolektif la.

Yon dezyèm manm nan menaj la ap genyen pou chwazi yon opsyon pami kat sa yo ki site anba a :

- 1.2 Aksè pou gen tè epi sipò teknik.** Gen san (100) moun maksimòm ki pa gen tè kounya ki pral gen aksè pou jwenn tè ki menm gwo ak kantite tè ak sa yo te gen avan yo te

konstwi Pak la men ki pa ka depase demi ekta tè pou reprann aktivite agrikòl nan objektif pou retabli mwayen sibzistans yo. Aksè sa ap garanti atravè yon finansman ki ap pèmèt yo achte yon tè epi genyen tit pwopyete pou moso tè sa a.

- 1.3 **Ekipman espesyalize epi entran pou fè agrikilti, agwoforesteri ak sipò teknik.** Mezi sa ap pèmèt benefisyè ki deja gen tè pou jwenn ekipman espesyalize epi entran pou travay netwayaj, preparasyon epi plantasyon sou yon moso tè li deja ap esplwate nan itilize de teknoloji modèn epi dirab.
- 1.4 **Pwogram gradyasyon pou sa ki pi vilnerab yo ki fokis sou devlopman ti biznis epi aksè pou jwenn mikwokredi.** Sa ap fèt selon metodoloji òganizasyon ki chwazi pou ofri pwogram sa ki fokis sou ti biznis epi aksè pou jwenn mikwokredi. Pwogram sa vize espesifikman medam yo, gason ki andikape epi sa ki pi vilnerab yo.
- 1.5 **Fòmasyon pwofesyonèl.** Benefisyè yo pral resevwa yon bousdetid pou yon dire yon (1) lane nan youn nan ensitasyon fòmasyon teknik kalifye ki egziste nan rejyon an. Fòmasyon an ap fèt sou metye tankou : plonbri, mekanik, elektrisite epi lòt ankò.

Anplis de sa, chak menaj yo ap genyen pou benefisye sipò ki site anba a :

- 1.6 **Sipò pou edikasyon.** Chak fanmi nan moun ki te afekte yo ap resevwa de (2) kit pou lekòl pou redwi nan depans yo te konn fè pou lekòl pitit yo. Y ap resevwa kit sa yo nan mwa Dawout 2019. Chak kit ap genyen pou pi piti kaye, valiz, kreyon, plim, enstriman jeyometri.
- 1.7 **Fasilite aksè pou jwenn mikwo kredi.** UTE ak sipò Bank lan ap òganize yon gwo evennman kote li ap envite enstitisyon ki ofri mikwo kredi nan rejyon an pou prezante bay *Kolektif la* pwodui ak sèvis yo bay, epi tou pale de to enterè yo fè prè ak sou ki kritè yo chwazi moun yo. Bank lan angaje li pou li fè efò pou idantifye de enstitisyon mikwokredi ki ofri kredi agrikòl epi ki fè finansman kolektif. Si sa nesesè, ap gen yon pwosedi triyaj ki ap fèt an tèt kole ak Komite a pou rasire yo se de enstitisyon serye yo seleksyone pou patisipe.

### **Mezi konsènan enpak anviwonmantal ak sosyal Pak Endistriyèl Karakòl la**

Bank lan ap kontinye travay pou amelyore jesyon enpak sosyal ak anviwonmantal Pak la epi li konsidere sipò *Kolektif la* enpòtan anpil pou rive fè travay sa a. Pami aspè yo vize pou amelyore yo nou ka site: dechè solid, tretman dlo ki fin sèvi deja yo, angajman aktè ki konsène (anndan epi deyò Pak la), repons ijans ak mete an aplikasyon sistèm EHS la.

Nan menm sans lan, Bank la nap kontinye ranfòse mekanis jesyon plent yo anndan epi deyò Pak la. Sa vle di y ap getan pou yo chache yon kote pou resevwa demann enfòmasyon yo ak/oswa plent moun yo sou fòm ekri yon fason ki konfidansyèl.

Ap gen reyinyon pi souvan ant aktè konsène ki nan rejyon Pak la kote y ap pataje enfòmasyon sou jan sitiyasyon an ye nan Pak la epi pandan y ap pran an kont opinyon aktè konsène yo.

Pandan pwosesis dyalòg la *Kolektif la* te ekspriye preyoqipasyon yo genyen konsènan anviwonman an epi kondisyon sosyal yo nan Pak la. Bank lan te fè swivi pou plizyè demann

ofisyèl *Kolektif* la te fè sou kesyon anviwonmantal ak sosyal yo. Bank lan ap kontinye fè suivi sou rekrite yon laboratwa pou fè de analiz endepandan sou dlo a. Bank lan pral mande pou yo pataje rapò sa yo ak *Kolektif* la epi pibliye yo sou entènèt.

Bank la nap pataje tout dènye enfòmasyon detaye ak Kolektif la sou sijè anviwonmantal ak sosyal yo pandan rankont Komite Swivi yo. Enfòmasyon sa yo ap rante nan rapò MICI ap gen pou li pibliye chak ane.

### **Koklizyon**

Fèt ak tout konsyans epi selon dispozisyon ki dekri pi wo yo, Akò sa siyen nan dat 8 desanm 2018, nan Inivèsite Leta Dayiti, Campus Henri Christophe nan Limonad a 2 zè nan aprè midi.